



Pou Piblikasyon Imedya: 30/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FOUNISÈ MANJE IJANS YO POU YO KONTINYE LIVRE PWODWI AGRIKÒL BAY FANMI NEW YORK KI NAN BEZWEN YO

Finansman total ki dedye pou Nourish NY kounye a se 35 milyon dola

Jiska prezan, yo te achte plis pase 16 milyon liv pwodwi letye, pwodwi alimantè, vyann ak plis ankò nan men agrikiltè New York yo epi yo te bay 823,883 fanmi nan tout Eta a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke yo ap dedye 10 milyon dola anplis pou pwogram Nourish New York (Nouri New York) la, sa ki ap mete total finansman ki dedye pou pwogram lan nan 35 milyon dola. Finansman an pral pèmèt founisè manje ijans New York yo kontinye achte pwodwi siplemantè yo nan men agrikiltè New York yo ak fabrikan pwodwi letye yo epi livre yo bay fanmi New York ki nan bezwen yo jiska fen ane a, gen ladan pandan sezon fèt la, ki gendwa yon moman difisil pou fanmi yo. Gouvènè a te premye anonse Nourish New York an avril 2020 an repons ak difikilte finansye agrikiltè New York yo te ap fè fas akòz pèt mache enpòtan yo ak demann siyifikatif, anplis bank alimantè New York yo te konnen kòm rezilta pandemi COVID-19 la. Depi pwogram lan te kòmanse a, yo te achte plis pase 16 milyon liv pwodwi letye, fwi fre ak legim, vyann ak plis ankò epi yo te bay yo ak 823,883 fanmi.

"Pandemi an te difisil pou nou tout, gen ladan kominote agrikòl nou an ak fanmi ki nan bezwen yo. Pwogram Nourish New York la te konble avèk siksè vid la ant fanmi nou yo, bank alimantè nou yo, ak agrikiltè nou yo". **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Toujou, genyen yon bezwen ki klè nan kominote nou yo. Lè nou etann pwogram Nourish New York la epi lè nou bay yon lòt 10 milyon dola nan bank alimantè rejonan nou yo ak founisè manje lokal nou yo, nou kapab kontinye sipòte ak ede Nouyòkè yo mete manje sou tab yo pandan nou ap asire yon avantaj ekonomik pou agrikiltè nou yo pandan sezon fèt la, ki kapab yon moman difisil pou fanmi yo".

Se Lwa sou Èd pou Kowonaviris, Soulajman, ak Sekirite Ekonomik (Coronavirus Aid, Relief, and Economic Security Act) federal la ki ap bay finansman pou dezyèm faz pwogram sa a. Yo pral redistribye li bay bank alimantè yo ak founisè manje ijans yo atravè kontra aktyèl yo ki etann jiska 31 desanm 2020. Founisè manje ijans yo kapab depanse lajan yo distribye ba yo a nan:

- Òganize evènman/kado manje pou rete nan machin (direktiv disponib [isit la](#));

- Distribye kupon pwodwi letye ke moun yo kapab itilize nan magazen manje yo pou pwodwi tankou fwomaj, yougout, lèt, krèm frè, ak bè, atravè Eta a, ak/oswa;
- Achte te pwodwi dirèktmanb nan men fabrikan pwodwi letye/manje New York yo pou pwogram bay manje yo a.

Komisè Agrikilti Eta a, Richard A. Ball te deklare, "Mwen remèsye Gouvènè a dèske li etann pwogram Nourish New York la, ki etabli lyen avèk siksè ant agrikiltè nou yo ki nan difikilte ak fanmi nou yo ki nan bezwen yo. Mwen fyè de akonplisman pwogram lan ak relasyon ki te fòje yo. Nourish New York te bay fanmi yo manje lokal ki fre epi ki nitritif ak yon mache ke yo te bezwen anpil pou pwodiktè ak transfòmè agrikòl nou yo. Nou te fè gwo pwogrè kòm yon Eta nan konbat pandemi sa a; sepandan, defi ekonomik yo ap kontinye pou anpil moun. Mwen pa ka tann pwochen faz pwogram siyifikatif sa a ak enpak dirab li sou kominote agrikòl nou an ak sou vwazen nou yo".

Komitè Depatman Sante Eta a Howard Zucker te deklare, "Espesyalman pandan pandemi an, li esansyèl pou sante piblik ke moun yo genyen aksè ak kantite manje nitritif ki sifizan. Inisyativ Nouri (Nourish Initiative) Gouvènè a patikilyèman itil nan moman sa a, paske li adrese de (2) pwoblèm touswit, lè li bay asistans nan nitrisyon pou Nouyòkè ki grangou yo ak asistans ekonomik pou agrikiltè ki an difikilte yo".

Depi lansman li a, Inisyativ Nourish New York la ki koute 25 milyon dola a te sipòte 3,438 distribisyon manje, nan bay pwodwi letye, tankou lèt, yougout, fwomaj, fwomaj blan, ak pwodwi alimantè, manje, pwodwi lanmè yo, ze ak plis bay 823,883 fanmi. Atravè acha bank alimantè yo, 4,140 fèm te afekte, sa ki soulaje agrikiltè yo pou yo pa jete lèt siplemantè yo epi sa bay elvè yo yon kote pou vann pwodwi yo a. Investisman ki koute 25 milyon sou wout pou yo fin depanse li disi fen mwa oktòb la.

Kòm rezilta pandemi COVID-30 la, bank alimantè New York yo te konnen yon ogmantasyon dramatik nan demann yo, nan kèk rejyon jiska 200 pousan, paske anpil Nouyòkè yo gen difikilte pou mete manje sou tab yo. An menm tan an, agrikiltè ak pwodiktè New York yo te fè fas ak pwòp difikilte finansye ekstrèm, san presedan yo a. Anpil nan yo te pèdi tanporèman jiska 50 pousan nan mache yo a atravè fèmte lekòl ak restoran yo.

Inisyativ Nourish New York la ap dirije pa:

- Kelly Cummings, Direktris Operasyon ak Enfrastrikti Eta a
- Richard Ball, Komisè Agrikilti a
- Sekretè Eta a Rossana Rosado
- Karim Camara, Direktè Egzekitif Biwo Sèvis Devlopman Kominotè Konfesyonèl (Office of Faith-Based Community Development Services)
- Fran Barrett, Direktè Òganis San Bi Likratif
- Mike Hein, Komisyonè Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance)

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)